



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI EKIP GAD FORÈ DEC YO K AP RETOUNEN APRE BATAY KONT ENSANDI NAN KANADA

Twazyèm deplwaman Gad Forè ki reyisi pandan ete sa a

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te akeyi lakay yo Gad forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ki te pase de semèn ap konbat ensandi nan Kanada. Gad Forè yo te rejwenn ponpye ensandi forè ki soti nan Maine, New Hampshire, ak Vermont. Gad Forè yo te retounen samdi 16 jiyè apre yo te pase 14 jou nan Quebec ap travay sou plizyè dife.

"Nouyòkè yo byen konprann enpak danjere lafimen dife sovaj Kanadyen yo genyen sou lavi chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou gen chans pou nou gen moun ki gen kouraj ki dispoze entèveni pou ede moun ki nan bezwen yo, epi mwen remèsye ponpye vanyan nou yo ke efò yo enpòtan pou metrize dife sovaj sa yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Kèlkeswa kriz la, Gad For DEC yo toujou pare pou ede. Nan ka sa a, yo te pase 14 jou nan mitan lafimen ak flanm dife pou ede vwazen nou yo ak tou Nouyòkè ki soufri ak move kalite lè a. Mwen remèsye ekspè ensandi sovaj nou yo ak kòmandan ensidan nou yo pou devouman ak sakrifis kontinyèl yo."

Chèf ekip Gad Forè Gary Miller te dirije sèt Gad Forè anplis nan kad yon ekip ponpye 20 moun ke yo te asiyen nan Micoua Fire Complex, ki te boule apeprè 40,600 kawo tè. Ekip la te gen ladan li:

David Corey - Konte Essex ak Franklin
Lincoln Hanno - Konte Herkimer ak Konte Lewis
Howard Kreft - Konte Ulster
Gary Miller, Konte Hamilton
Joseph Pries - Konte Dutchess ak Putnam
Logan Quinn - Konte Essex
John Scott - Konte Suffolk
Nathan Sprague, Konte Cattaraugus

Nan Kanada, plis pase 4,000 ensandi te boule anviwon 5,260,913 ekta. Nan 2 jwen, [yo te deplwaye yon Gad Forè](#) antanke Chèf Ekip nan Nova Scotia. Nan 8 jen, Gouvènè Hochul [te anonse ke yon ekip ki gen sèt Gad Forè DEC](#) t ap deplwaye pou ede ak efò pou ede metrize ensandi forè yo nan Quebec. An menm tan, Eta New York te anba yon [Konsèy Sante sou Kalite Lè](#) akòz lafimen ensandi sa yo ki te vwayaje atravè fwontyè eta a epi ki te kreye gwo pwoblèm kalite lè a.

Depatman Konèvasyon Anviwònman (DEC) ak Depatman Sante (DOH) a soti Avi Sante sou Kalite Lè lòske meteològ DEC yo fè previzyon sou nivo polisyon, swa ozòn oswa ti patikil piti lafimen lakòz (PM2.5) ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) federal ki gen valè 100. AQI a te kreye kòm yon fason fasil pou etabli relasyon ant nivo polyan diferan yo nan yon sèl echèl, ak yon pi wo valè AQI ki endike yon pi gwo pwoblèm sante. Ou ka wè dènye Previzyon AQI a [isit la](#).

Twa misyon sa yo se premye fwa Gad Forè Eta New York yo deplwaye nan Kanada depi ensandi forè Quebec yo an 2005. An 1979, New York te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo dife forè yo. An mwayèn, yo konn voye youn oswa de ekip, jan sa nesèsè, pou ede metrize dife forè yo prèske chak ane. Anplis de ede frennen ensandi nan forè yo epi minimize domaj yo, ekip sa yo gen bon jan eksperyans ki kapab itilize pou lite kont ensandi nan forè yo, epi jere ensidan ki gen tout kalite risk nan new York.

Sèvis Forestye Ameriken an ap peye dirkteman pèsònèl ak pou depans vwayaj pou ekip New York yo oswa l ap ranbouse Eta New York dapre yon akò èd mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)